

Pou Piblikasyon Imedya: 26/12/2018

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI ESTRİK LAPOLIS ETA A KONT CHOFÈ K AP  
KONDWI PANDAN YO SOU JISKA NOUVÈL ANE A**

***Ap Gen Plis Manm Patwouy sou Wout yo k ap Chèche Chofè ki sou Oswa Dwoge  
Pandan Rès Sezon Fèt la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Lapolis Eta New York la pral ogmante patwouy pou pran mezi estrik kont moun k ap kondwi pandan yo sou pandan fendane a. Detachman pou aplikasyon règleman sikilasyon an fè pati kanpay “Drive Sober or Get Pulled Over” la (Kondwi San Ou Pa Sou oswa Kite Yo Arete Ou), k ap kontinye jiska Madi 1ye Janvyè 2019. Chofè yo ka atann y ap wè baraj sou wout la kote y ap tcheke si yo sou, ansanm ak plis Manm Patwouy sou vwa woutye yo pandan kanpay sa a.

“Amezi n ap pwoche Nouvèl Ane a, Lapolis Eta a pral deyò ak fòs maksimòm pou pran mezi estrik kont chofè ki sou yo epi pou kenbe vwa woutye nou yo an sekirite”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou ankouraje tout chofè yo pou yo pran anpil prekosyon sou wout yo epi pou yo fè chwa responsab pou evite trajedi ensanse.”

Anplis de pwen kontwòl ak patwouy pou kenbe moun k ap Kondwi Pandan yo Sou (Driving While Intoxicated, DWI), Jandam yo ap siveye chofè ki distrè yo, pasaje otomobil yo ki pa byen mete senti sekirite epi chofè yo kap vyole Lwa “Move Over” (Mete W Akote) a, ki egzije pou otomobilis yo pran anpil prekosyon lè yap pase yon veyikil ijans ki kanpe oswa ki bò wout la. Lapolis Eta a pral antreprann mezi entèvansyon tou kont minè k ap bwè alkòl yo toupatou nan eta a.

**Sipè-entandan Lapolis Eta, George P. Beach II, te deklare,** “Lapolis Eta a vle garanti tout moun pase yon fèt fendane san danje. Si w ap selebre Lavèy Nouvèl Ane sa a, fè sa yon jan ki responsab epi planifye. Lè w ofri tèt ou kòm chofè k ap rete sòb oswa lè w deziyen yon moun pou sa, oswa lè w gen yon woulib san danje pou al lakay ou, ou kapab ede nou sove lavi pandan sezon fèt sa a”.

**Terri Egan, ki se Komisè Egzekitif Adjwen DMV ak Prezidan Pwovizwa Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor’s Traffic Safety Committee), te deklare,** “Nou vle pou tout moun jwi fèt fendane yo epi nou ankouraje w selebre yon jan ki responsab. Pa kite ane a fini ak yon trajedi oswa yon arestasyon. Planifye yon jan pou w antre lakay ou san danje. Deziyen yon chofè ki pou rete sòb oswa telechaje aplikasyon mobil gratis ‘Have a Plan’ (Gen yon Plan) nou an k ap mete w an kontak avèk sèvis woulib oswa taksi nan zòn ou an”.

Pandan kanpay la, Manm Patwouy yo rpal itilize de veyikil Lapolis Eta ki make idantite ak sa ki pa make idantite (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) machin yo kòm yon pati nan operasyon an. Veyikil CITE yo pèmèt Manm Patwouy yo idantifye pi

fasilman otomobilis k ap itilize aparèy pòtatif pandan y ap kondwi epi pi byen obsève vyolasyon distraksyon sou volan. Veyikil san mak sa yo ka kamofle avèk machin k ap sikile chak jou yo, men yon fwa limyè ijans lan aktive moun ka rekonèt yo byen fasil tankou veyikil ijans.

Pandan kanpay “Drive Sober or Get Pulled Over” lane pase a, Lapolis Eta a te bay 40,489 kontravansyon. Pami kontravansyon sa yo plis pase 13,394 se te pou eksès vitès, 1,268 se te pou chofè ki distrè e 571 se te pou vyolasyon Lwa “Move Over” a. Yo te arete tou 645 moun poutèt yo t ap Kondwi Pandan yo Sou epi gen 10 moun ki te mouri nan aksidan machin. Pandan 2017 kanpay la te kòmanse nan Vandredi 15 Desanm pou fini nan Lendi 1ye Janvye 2018.

Kanpay sa a pou fè respekte règleman sikilasyon yo jwenn finansman nan men Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee).

Pou kenbe wout nou yo pi ansekirite pandan sezon fèt sa a, lapolis Eta New York ak Administrasyon Nasyonal Sekirite Sou Otowout la (National Highway Traffic Safety Administration) ofri konsèy ki annaprè yo:

- Planifye fason pou w rantre lakay ou an sekirite depi avan selebrasyon kòmanse;
- Avan w bwè chwazi yon chofè ki pap bwè pou kondwi;
- Si ou sou enfliyans, pran yon taksi oswa yon sèvis woulib ankomen, rele yon zanmi oswa manm fanmi ki pa sou enfliyans, oswa itilize transpò piblik;
- Itilize pwogram woulib nan men moun ki pa bwè alkòl ki genyen nan kominote w la;
- Si w ta remake yon chofè ki sou nan wout la pa ezite kontakte biwo lapolis lokal la; epi
- Si w konnen yon moun ki pral kondwi oswa monte moto pandan li nan yon kapasite afebli, pran kle yo epi ede yo fè lòt aranjman pou yo rive nan destinasyon yo an sekirite.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)